



Vil Filadèlfi
Depatman Sèvis Sante Konpòtmantal ak
**Sèvis pou Defisyans
Entelektyèl**

Ak Kisa pou Atann ou **Pwosis Travay Kowòdonatè Sipò**

Kowòdonatè Sipò ou a (Supports Coordinator, SC) pral:

- Pale sou travay pandan tout reyinyon ki konsène w.
- Enfòme w sou opsyon ki disponib pou ou.
- Konekte w avèk opsyon ak sèvis ki pral ede w atenn objektif ou yo.
- Refere w bay Biwo Reyadaptasyon Pwofesyonèl Pennsilvani an (Office of Vocational Rehabilitation, OVR) epi fè swivi nan non w.
 - Yon fwa OVR te pran desizyon l konsènan kalifikasyon w, SC w lan pral asire ke yo ofri w yon seleksyon founisè travay pou w ka chwazi sila ki pi bon pou ou a.
- Asire w tout dokiman ki nesèsè yo ajou (tankou Pakè Preferans Sèvis la ak Priyorite Ijans Bezwen Sèvis yo).
- Asire w Plan Sipò Endividyèl la (Individual Support Plan, ISP) klè pou ou epi li reflekte objektif pèsònèl ou yo. Asire ke objektif travay yo endike byen aklè nan seksyon travay la.
- Ede pou opsyon transpò, sa gen ladan men pa sèlman sipò fanmi, SEPTA, Pataj trajè (Uber/Lyft), epi aplike pou Transpò Kominotè Adapte Pèsònèlman (Customized Community Transportation, CCT).
- Kolabore avèk founisè travay yo pou asire gen pwogrè ki fèt.
- Asire tout sèvis yo ap travay ansanm pou soutni travay ou.
- Refere w bay yon Konseye Benefis ki ka eksplike chanjman nan Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) ak Asirans Andikap Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI) ki ka rive pandan w ap travay.
- Fè kontwòl avèk ou sou travay ou epi diskite sou objektif pou pi devan yo.
- Ede w konprann ki sèvis ki pral disponib pou ou lè w gradye nan ayskoul.

ANNOU TRAVAY!

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan philaonthejob.org



Sèvis pou Defisyans Entelektyèl Filadèlfi (Intellectual disAbility Services, IDS) se yon antite administratif ki sou kontra avèk Depatman Sèvis Sosyal Pennsilvani, Biwo pou Pwogram Devlopmantral pou administre sèvis yo nan Konte Filadèlfi a. IDS travay avèk Commonwealth la e founisè sèvis yo pou ofri sipò ak sèvis kalite siperyè dekwa pou moun yo gen chwa nan lavi yo, relasyon enpòtan, epi patisipasyon nan kominote yo antanke sitwayen yo bay valè.

foto: Steve Weinik